# MEKTEP OQÍWSHÍLARÍN PEDAGOGIKALÍQ DIAGNOSTIKALAWDÍŃ ÁHMIYETI

**Babayeva Sevara**
*Ájiniyaz atındaģı NMPI Pedagogika teoriyasi*
*hám tariyxı qánigeligi 1-kurs magistrantı*

**Annotaciya:** *Ilimiy maqalada ulıwma bilimlendiriw mektepleri oqıwshılarınıń jeke qábiletlerin, oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqların hám bilim dárejesin anıqlawda pedagogikalıq diagnostikanıń roli talqılanadı. Diagnostika ótkeriwdiń tiykarǵı usılları hám onıń oqıw sapasın arttırıwdaǵı ornı keń kórsetip ótilgen.*

**Tayanısh sózler:** *pedagogikalıq diagnostika, monitoring, oqıwshı shaxsı, analizlew, pedagogikalıq talant, korreksiya, mektep oqıwshıları.*

**Annotation:** *The scientific article analyzes the role of pedagogical diagnostics in determining the personal abilities, interests in learning, and educational level of students in general education schools. The main methods of diagnostics and their role in improving the quality of education are widely indicated.*

**Keywords:** *pedagogical diagnostics, monitoring, student personality, analysis, pedagogical talent, correction, schoolchildren.*

Mektep oqıwshıların pedagogikalıq diagnostikalaw — bul bilimlendiriw processiniń nátiyjeliligin arttırıw, oqıwshınıń jeke qábiletlerin anıqlaw hám tárbiyalıq qatnaslardı durıs jolǵa qoyıw ushın júdá áhmiyetli esaplanadı.

Pedagogikalıq diagnostika - pedagogikalıq xızmet tarawında iskerlik mazmunın belgilew, proceslerdi hár tárepleme úyreniw, pedagogikalıq tásirlerdiń kompleks háreketlerin sáwlelendiriwdi ańlatadı. Pedagogikalıq diagnostika hám korrekciyasınıń mazmunı degende metodikalıq hám pedagogikalıq processtiń, bala shaxsı, pedagog yaki basshı xızmeti dárejesine qaramastan tez úyreniliwi hám bahalanıwı, tártipke salınıwı hám korrekciyası túsiniledi.

Pedagogikalıq diagnostika hám korrekciyası tómendegi tálim - tárbiya mashqalaların sheshiwge járdem beredi:

- 1-klasqa qabıllawda oqıwshınıń mektepke tayarlıq dárejesin anıqlaw;
- baslawısh klass oqıwshısınıń aqılıy rawajlanıwı, oqıw motivaciyası, bilim alıwǵa imkaniyatların anıqlaw;
- óspirimlerdiń dúnyaqarasın úyreniw, olardıń jámáattegi qarım-qatnasın, minez-qulqındaǵı ózgerislerdi úyreniw arqalı olardıń óz betinshe rawajlanıwına sharayat jaratıw;
- oqıwshınıń tárbiyalanǵanlıq dárejesin anıqlaw; olardıń qızıǵıwshılıǵı, qábileti, múmkinshiliklerinen kelip shıǵıp kásipke baǵdarlaw;
- jámáattiń psixologiyalıq klimatın úyreniw;

Pedagogikalıq diagnostika hám korrekciya pedagog xızmetinde pedagogikalıq processtiń unamlı hám unamsız tárеplerin anıqlaw, pedagogikalıq mashqalalardı sheshiw giltin tabıwǵa járdemlesedi. Pedagogikalıq processti shólkemlestiriwdiń

texnologiyaların jaratıwǵa múmkinshilik beredi. Diagnostika pedagogikalıq processte bir márte qollanılmaydı. Sonlıqtan, ol insannıń óz-ara tásirlerin, xızmetin qarım-qatnasın, baylanısların, ózlestiriwin, dóretiwshiligin organizmniń rawajlanıwın hám psixikasın, shaxs qásiyetleriniń qáliplesiwiniń óz-ara tásirin bildiredi. Pedagogqa bul quramalı hárekettiń tek aqırǵı nátiyjelerin ǵana biliw zárur bolıp qoymastan, ol onda qatnasıwshılardıń óz-ara názik qarım-qatnasları, kúndelikli háreketlerin, ruwxıy ádep-ikramlıq jaǵdayların hám estetikalıq salamatlıǵın kóriwi, seziniwi, tańlay biliwi, diagnostikalawı zárúr boladı. Usıǵan baylanıslı pedagogikada diagnostika obyektleri tek ǵana sociallıq ortalıq bolıp qalmastan, al bir pútin pedagogikalıq process hám onıń eń baslı bólimi esaplanadı.

Izertlewler sonı kórsetedi, 80-jıllarǵa shekem, «pedagogikalıq diagnostika» ataması tiykarınan maqalalarda, túrli tezisler yaki kem tirajlı toplamlarda ushıraytuǵın edi, 80-jıldan baslap, usı kúnge shekem pedagogika hám psixologiya pánlerdiń baylanıs tarawı sıpatında qáliplesip, rawajlanıp kelgen, kópshilik óz aldına bilim hám tájiriybe tarawı, dep qaramaytuǵın bul taraw eń rawajlanǵan tarawlardan birine aylanbaqta. Bunıń tiykarı sıpatında mına dálillerdi keltiriwimiz múmkin. Tájiriybege tiykarlanǵan psixologiyalıq diagnostika pán sıpatında XIX ásir aqırında payda boldı. Tap sol dáwirde psixologiyada ólshew ideyası keń tarqaldı. Psixodiognastikaniń ǵárezsiz pán tarawına aylanıwı alımlardıń insanlar psixikasındaǵı individual ózgesheliklerine qızıǵıwshılıǵınıń artıwı menen baylanıslı.

Shet ellerde bul tarawda alıp barılıp atırǵan hám rus tiline awdarılıp, ózbek qánigeleri tanısıw imkaniyatına iye bolǵan islerden K.Ingenkamptıń 1991-jılda baspadan shıqqan «Pedagogikalıq diagnostika» (alımnıń jazıwınsha pedagogikalıq diagnostika ataması ol tárepinen 1968-jılı usınıs qılınǵan hám kiritilgen.(1,3)

Didaktikalıq diagnostika-pedagogikalıq processti shólkemlestiriw ushın xızmet qıladı. Shaxslardıń awızeki hám jazba juwaplardaǵı tipik qátelerin, olardıń sebeplerin, oqıw xızmetindegi unamsız ózgerislerin, shaxslarda oqıw xizmeti tárjiybeleriniń hám kónlikpelerniń rawajlanǵanlıq dárejesin anıqlawǵa múmkinshilik beredi.

Sociall–pedagogikalıq diagnostika - shaxslardıń pedagogikalıq qarawsızlıǵı, qálipleskenlik dárejesi, tárbiyası awır balalardı diagnostika qılıwda social faktorlardı esapqa alıwshı jónelis esaplanadı. Diagnostika pedagoglar tárepinen mektepten, oqıw jurtınan tısqarıda alıp barıladı. Sol sebepli diagnostika procesinde shańaraq sociologiyası hám ekonomikası, huqıq sociologiyası, dem alıw sociologiyası, ekonomikalıq sociologiya sıyaqlı tarawlarda qollanılatuǵın metodlar hám kórsetkishlerdi paydalanıwdı názerde tutadı.

Social psixologiyalıq pedagogikalıq diagnostika- bul jónelis sociologiyası, social psixologiya, pedagogikanı óz ishine qamrap alǵan bolıp, shaxslar, pedagoglar, ata-analar toparların, shaxslarǵa xabar kommuninikaciya qurallarınıń (radio, televizor, gazetalar t.b.) usınısın, shaxslardıń minnet hám huquqları, olar arasındaǵı múnasibetlerdi úyreniwge qaratılǵan bolıp esaplanadı.

Balalardıń jas psixo-fizikalıq ózgesheliklerin tereń biliw tárbiyada oǵada zárúr. Bul birinshi gezekte balalardıń hár qıylı xızmet túrlerindegi oqıwshılardıń nátiyjeliligin

hám qollanıw dárejesi haqqındaǵı olardıń uqıbı, qızıǵıwı, iykemligi hám talantı, qızıǵıwshılıǵı, jámááttegi awhalı hám ádep- ikramlıq sezimleri haqqındaǵı informaciyalardı bilmesten turıp olardıń rawajlanıwın pedagogikalıq basqara alıw múmkin emes. Bul tárbiya jámáátiniń shólkemleskenlik hám rawajlanıw keleshegi dárejesiniń sapalıq jaǵdayı haqqında tolıq maǵlıwmatqa iye bolıwdı talap etedi. Bunı biliw shaxstıń jasawı hám hár tárepleme rawajlanıwı ushın qansheli unamlı ortalıq bola alıw uqıbın ańlatadı. Oqıwshılardıń tárbiyalanǵanlıq dárejesi de, bilim beriw nátiyjeleri de, ádep-ikramlıq klimatınıń ahwalı, jámááttegi balalar arasında óz-ara qatnasları da, olardıń intellektuallıq rawajlanıw dárejesi, kritikalıq, oylawıda diagnostikalıq úyreniwdiń ayırım obiyektleri sıpatında úyreniledi.

Oqıtıwshınıń ózi de pedagogkalıq diagnostikanıń obiyekti esaplanadı. Onıń mamanlıǵınıń artıwı kásiplik ózin-ózi biliwi, kritikalıq bahalawı ózin-ózi talqılawı hám usı tiykarda ózin-ózi jetilistiriw uqıbı menen kóp jaǵınan anıqlanadı. Pedagogikalıq procestiń tabısı pútin halında jeke adamlardıń kúsh salıwlarına emes, al joqarı kásiplik sheberlikke umtılıwshı, pedagogikalıq hám oqıtıwshılar jámáátiniń birge islesiwin táminleytuǵın pedagoglıq jámáátlerdiń durıs is-háreketlerine baylanıslı boladı. Mine, sonıń ushın da pedagogikalıq jámááttiń ózi, onıń iskerligi hár bir oqıtıwshınıń mamanlıǵın arttırıw talap etetuǵın buwınlarına baylanıslı bolǵan diagnostikanıń obiyekti bolıp tabıladı.

Pútkil pedagogikalıq proceste bir pútin halında diagnostika obiyekti esaplanadı.

Oqıtıwshıǵa, onıń alıp baratuǵın komponentleriniń barlıǵı paydalı ekenligi, tálim hám tárbiyanıń tiykarǵı mexanizmleri jetkilikli nátiyjeli payda keltirip atırǵanlıǵın bilip barıw zárur boladı.

Bunıń ushın tálim hám tárbiyanıń mazmun, forma metodlarınan ayqın kriteriyası kerek boladı. Sonday-aq, bir pútin pedagogikalıq procestiń ata-analar binası hám social ortalıq sıyaqlı ahmiyetli komponentleri de pedagogikalıq úyreniwdi talap etedi.

Balalar menen júrgiziletuǵın oqıw tárbiya jumısın shólkemlestiriw hám korrekciyalaw sıpatı mine usılarǵa kóp jaǵınan baylanıslı boladı.

Diognostika processiniń subiyektleri bul - jumıs ushın arnawlı tayarlanǵan sociologlar, vrachlar, psixologlar, sonday-aq oqıw-tárbiya birge islesiwiniń tikkeley qatnasıwshılarınıń ózleri de esaplanadı. Qánigeler ulıwmalastırıw sıpatına iye tiykarǵı informaciyanı jıynaydı.

Olar balalardıń salamatlıǵın ulıwma jaǵdayın diyagnostikalaydı, oqıw tárbiya procesin shólkemlestiriwdiń nerv sisteması ahwalına tásirin úyrenedi, balalardıń aqlıy is-háreketiniń kórinisin, olardıń uqıp hám kónlikpelerin ashıp beredi.

Jámáátegi ádep-ikramlıq, psixologiyalıq klimattı, ayırım balalardıń emocional psixologiyalıq ahwalların anıqlaw diognost-qánigelerdiń wazıypalarınıń qatarına kiredi. Olardıń járdeminde oqıwshılardıń bahalılıq baǵdarlarınıń, ideal hám umtılıwlarınıń xarakteri anıqlap alınadı.

Bunday informaciya pedagogqa óziniń dáslepki poziciyasın anıqlawǵa hám sonıń menen birge, tárbiyalıq óz-ara tásirdi hám tásir kórsetiwdi shólkemlestiriwdi turaqlı túrde esapqa alıwda járdem beredi. Pedagogikalıq procestiń qatnasıwshıları

oqıtıwshılar, tárbiyashılar, dógerek basshıları óz is-háreketlerin durıs alıp barıwın táminleytuǵın kúndelikli informaciyalardı alıwǵa umtıladı.

Álbette, pedagogika pán sıpatında tárbiyashıǵa pedagogikalıq- psixologiya tarawındaǵı tayar receptlerdi bere almaydı. Bunday kónlikpeler balalar menen tuwrıdan-tuwrı sáwbet procesinde, olardıń minez qulıqlarınıń motivlerin, ishki-jeke qásiyetlerin dodalaw procesinde úyreniledi.

Bul tuwrali belgili rus pedagogi K.D.Ushinskiy tómendegishe jazǵan edi: «Eger pedagogika shaxstı hár tárepleme tárbiyalamaqshı bolsa, onda ol shaxstı hár tárepleme úyreniwi kerek». Biz onday yaki bunday qılıń, dep túsinik bermeymiz.

Diagnostikalıq informaciya pedagogikalıq proceste ishki tárepinen hám sırttan anıqlanǵan tásirdi túsinikli etedi.

Pedagogikalıq processtiń nátiyjeliligi pedagogtıń óz wazıypaların jaqsı biliwge, tálim hám tárbiyanıń hár túrli metodların qollawǵa baylanıslı xızmetti óz ishine aladı.

Oqıwshı tálim-tárbiyadaǵı qıyınshılıqlar ne ushın hám qanday payda bolıwın túsiniwi ushın, dáslep, bala psixologiyalıq rawajlanıwınıń tiykarǵı nizamlıqların biliwi hám hár túrli jaǵdaylardaǵı psixologiyalıq diagnostika metodların iyelewi zárúr.

Oqıwshınıń psixodiagnostikalıq izertlew yaki úzliksiz baqlaw procesinde alınatuǵin nátiyjelerin balalar menen islesiwde qanshelli durıs paydalana alıwı da zárúr esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanımızda pedagogikalıq diagnostika tálim-tárbiya sistemasında oqıwshılardıń bilim dárejesiniń, insaniy paziyletriniń, sonday-aq olardıń hár-tárepleme rawajlanıw jaǵdayların anıqlawda pedagogikalıq diagnostikanıń áhmiyeti oǵaada ullı bolıp esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O’zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. «O’zbekiston» T, 2016.

2. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga qúramiz. «O’zbekiston» T, 2017.

3. Ингенкамп К. Педагогическая диагностика.М.,1991

4. Журнал Фундаментальное исследование №8(часть4) 948-952.,2013 Ст. Д.И.Михайловой «Пед диагностика профессионального само определения старшеклассников в деятельности классного руководителя.

5. Hayitov O.E., Lutfullaeva N.X. «Psixodiagnostika va amaliy psixologiya». - T. 2005.

6. Saparbaev T. “Pedagogikanıń pragmatik aspektleri ” Nókis “ PRINT DARHAN” 2025.

7. Saparbaev T “Mektep dogerek jumislarinin’ pedagogikaliq ahmiyeti” (Monografiya) No’kis “NMPI Baspasi”-2025.

Elektron ta’lim resurslari:

1. www. tdpu. Uz
2. www. pedagog. Uz
3. www. Ziyonet. Uz